

Bibiliya y' Abana

Ishikirije

Yona N'urufi

Runini



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:
Jonathan Hay; Alastair Paterson

Itunganywa na: Mary-Anne S.


Isobanurwa mu Kirundi na:
Manurakoze Pacifique

Yateguwe na: Biblefor Children
www.M1914.org

©2024 Bible for Children, Inc.

Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihe gusa mutayigurisha.

Haraheze igihe kirekire,
umugabo yitwa Yona yaba
mugihugu ca Isirayeli.
Umusi umwe, Imana
imubarira kuja i ninewe,
igisagara kinini kandi
nico cari gikomeye
cane mw'isi yose.



Yona yategerezwa kuja kuburira ababa muri ico gisagara ko Imana yari izi ko bakora ibibi.




3

Yona yanka kwumvira Imana! Aho kuja i ninewe, yona yurira mu bwato bwari bugiye mugisagara c'i tarushishi gitandukanye n'ininewe.



4

Umwami Imana atuma igihuhusi c'umuyaga kukiyaga. Wari umuyaga mwishi cane! Abari bari muri ubwo bwato bari bafise ubwoba bwishi ko ubwo bwato buhava bucikamwo ibice vyishi hanyuma bagatwarwa.



5

Umuyaga waguma wiyongera uba mwishi. Bagize ubwoba, abari muri ubwo bwato batangura gusenga imana zabo kandi bafata ibintu vyabo babita mukiyaga kugira ngo barabe ko ubwato bworemuruka, ariko ntaco vyafashije.




6

Yona ni we wenyene yari mubwato atasenze. Aho gusenga, yari yinyegeje mumfuruka y'ubwato hepfo. Uwatwara ubwo bwato aramubona. Aca amubwira ati: "Uriryamiye? Vyuka! Usenge Imana yawe! Kumbure imana yawe yokwumva ikagukiza natwe ntidupfe."



7

Munyuma, abari muri ubwo bwato bamenya ko ingorane barimwo zifitaniye isano na yona. Aca arababwira ko ariko ahunga Imana. Baramubaza: "Tukugire gute kugira ngo turabe ko ikiyaga cotekana?" Yona arabishura ati: "Mumfate munterere mukiyaga". "Ndazi ntakekeranya ko iki gihuhusi c'umuyaga cadushikiye kubera jewe."




8

Abari mubwato ntibashaka guta yona mu kiyaga. Maze baca bagerageza gusoza ubwato cane kugira ngo bashike kunkombe, ariko ntibabishobora. Ntakindi bari basigaje gukora!




9

Bamaze gusenga basaba ikigongwe, abari mubwato baterura yona bamuterera mukiyaga. Yona amaze kwibira mumazi, ikiyaga kiratekana, umuyaga urahagarara. Baca bamenya ko Imana yonyene ariyo yari ishoboye kugira ico ikoze. Buzuye ubwoba kandi bakangutse, baca bahimbaza Umwami Imana.




10

Muri ako kanya, uwari yatumwe n'Imana akanka kuyumvira, aca ashikirwa n'ikintu gitangaje. Yona ari mumazi hasi cane yajovyeye, yari aziko atakintu na kimwe coshobora kumukiza muri ayo mazi. Yari kuba yasomye nturi ariko Imana yari imufiseko uwundi mugambi.



11

Umwami Imana yari yatumye urufi runini kugira ruje kumira Yona. Urwo rufi rwari rwiteguye! Mukanya isase, yona ntiyari akiri mumazi ahubwo yari yashitse munda y'urufi. Yona yamaze munda y'urufi imisi itatu. Yaciye aronka akanya gakwiye ko kwiyumvira no gusenga.



12

Imisi itatu iheze, yona aca asezeranira Imana ko azoyumvira. Ubwo nyene, Imana ica ibwira rwa rufi ngo ruje kumuterera imusozi.



13

Imana ica isubira gusaba yona kuja ininewe kubabwira inkuru nziza. Ubu ho yona aca aremera kujayo! Yona aca mugisagara asemerera ati: "Mumisi mirongo ine, ninewe hazosambuka."



14

Ababa i ninewe baca bizera ijambo ry'Imana. Ntibaba bakirya kandi baca bambara impuzu z'ikigandaro kugira bereke Imana ko bababajwe n'ivyaha bakoze. N'umwami aricisha bugufi imbere y'Imana. Ava kuntebe y'ubwami, yambara impuzu z'ikigandaro aca yicara m'umunyota. Ategeka ababa ininewe bose guheba ivyaha vyabo n'inyifato zabo mbi


kandi ngo basabe Umwami Imana abababarire.



15

Imana ica irabababarira! Uwo musu wabaye umusu uhambaye i ninewe igihe abantu baho bamenya ko Imana yabababariye.


Ariko hari umuntu vyari vyababaje. Ni yona!



16

Kubera iki yona yashavuye? Yabwiye Imana ati: "Nari ndabizi ko uri Imana yuzuye uburwaneza n'imbabazi, yihangana kandi yuzuye urukundo."

Mubisanzwe, Yona yari abizi ko Imana yama ibabarira abantu bose bitahuye bagasaba imbabazi kuvyaha vyabo hanyuma bakumvira ijambo ry'Imana. Birashoboka ko yona atakunda abantu b'ininewe. Ntiyashaka ko Imana ibababarira ivyaha vyabo.



17

Yona yarashavuye cane gushika n'aho abwira Imana ati: "Ndeka mpfe. Urupfu rundutiye ubuzima."



18

Yona yari yicaye hanze y'igisagara, arindiriye ngo arabe ico Imana iza gukora. Umwami Imana ica imeza igiterwa gifise amababi meshi kandi meza. Gica gikura n'ingoga yona yugama mugitutu caco, kugira yikinga izuba kuko hari hashushe cane.



19


Bukeye mugatondo, Imana ituma igikoko co mukuzimu kirya ca giterwa. Hanyuma Imana ica irungika umuyaga mwishi kandi ushushe uhuhuta kuri yona gushika aho yona yiyumvira ko agira apfe. N'ivyo nyene vyatumye yona asubira gushavura cane.



20

Maze Umwami Imana ica ibaza Yona iti:
"Mbega wumva bikwiye ko ushavura?
Ugiriye impuhwe iki igiterwa utateye.
Si wewe wakimejeje. Cakuze
mw'ijoro rimwe kandi gipfuye
mw'ijoro rimwe.

Kubera iki ntari
nkwiye kugirira
impuhwe i ninewe,
igisagara kinini cane
kirimwo n'abantu beshi
bakibamwo?"



21

Yona N'urufi Runini

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Yona

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco,
guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130

22

Iherezo

26

60

23

Iyi nkuru ya bibiliya itubwira kuyerekeye Imana
yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni
urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo
w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha
vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru.
Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora.
Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi:
Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa
kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu
bugingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo
bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo
budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe
nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibiliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

24